

AVI SOU ODYANS PIBLIK

Avi sou Odyans Piblik sa a disponib nan lang altènatif (Español -- Tiếng Việt -- Chinese -- Kreyòl Ayisyen -- Português) sou <https://www.mass.gov/orgs/executive-office-of-energy-and-environmental-affairs> anba “Nouvèl ak Anons Resan”.

Biwo Egzekitif sou Enèji ak Afè Anviwònmantal la (EEA) pral fè yon odyans piblik sou nouvo regilasyon ki pwopoze ki otorize nan chapit 274 nan Lalwa 2022 yo, Yon Lwa ki pou Prezève Espas Ouvè nan Eta a. Regilasyon ki pwopoze yo, 301 CMR 52.00: *Dispozisyon oswa Chanjman nan Enterè Itilizasyon Atik 97*, obligatwa selon Lalwa a epi yo bay pwosedi ak egzijans pou pwopozisyon pou chanje itilizasyon an oswa dispoze tè oswa enterè ki afekte nan Atik 97 nan Amanman yo pou Konstitisyon Eta a. EEA ap chache kòmantè piblik sou regilasyon ki pwopoze yo.

Genyen yon kopi regilasyon ki pwopoze yo sou sitwèb EEA a sou [Atike 97 & Yon Lwa ki pou Prezève Espas Ouvè nan Eta a \(M.G.L. c. 3, § 5A\) | Mass.gov](#). Epi tou ou kapab jwenn kopi depi w voye yon imèl bay [Michael.gendron2@mass.gov](mailto:Michael.gendron2@mass.gov).

EEA pral fè yon odyans piblik vityèl sou regilasyon sa yo a **1:00 PM jou jedi 16 janvyè 2025**. Enskripsyon obligatwa pou jwenn aksè nan sal odyans vityèl la, ki pral fèt sou Zoom. [Pou enskri, ale sou: lyen](#). Pa gen egzijans pou enskri alavans odyans lan pou asiste li; enskripsyon ak aksè nan odyans li disponib ni anvan ni pandan reyinyon an jiskaske li fini.

Nou pral founi entèpretasyon similtane ak ASL nan odyans lan atravè sal odyans vityèl la.

Akomodasyon rezonab pou moun ki gen andikap yo disponib sou demann. Pou depoze yon demann pou yon akomodasyon tanpri voye yon imèl bay [eeadiversity@mass.gov](mailto:eeadiversity@mass.gov) oubyen rele 617-872-3270, epi yon Kowòdonatè ADA pral resevwa demann ou an. Tanpri mete yon deskripsyon demann nan ak plis detay ki posib avèk yon fason pou nou kontakte w si nou ta bezwen plis enfòmasyon. Tanpri avèti nou omwens de semèn (14 jou) alavans. Nou pral aksepte demann nan dènye minit moun nou kapab petèt pa konble demann nan.

Temwayaj kapab prezante oralman nan odyans piblik la oswa alekri. EEA pral konsidere kòmantè ekri ke yo resevwa anvan **5:00pm jou 22 Janvyè 2025**. EEA ankouraje soumisyon kòmantè ekri nan mwayen elektwonik bay [Michael.gendron2@mass.gov](mailto:Michael.gendron2@mass.gov). Tanpri mete 301 CMR 52 nan sijè imèl la. Epi tou moun kapab poste kòmantè ekri nan: Executive Office of Energy and Environmental Affairs, Attn: Michael Gendron, 100 Cambridge Street, Suite 900, Boston, MA 02114.

<p>This document contains important information. Please have it translated immediately.</p>	<p>Questo documento contiene informazioni importanti. La preghiamo di tradurlo immediatamente.</p>	<p>ເອກະສານສະບັບນີ້ ບັນຈຸຂໍ້ມູນສຳຄັນ. ກະລຸນາເອົາເອກະສານສະບັບນີ້ໄປແປອອກ</p>
<p>В данном документе содержится важная информация. Вам необходимо срочно сделать перевод документа.</p>	<p>Este documento contém informações importantes. Por favor, traduza-lo imediatamente.</p>	<p>ຢ່າງບໍ່ລ່ວງໄຫວ.</p>
<p>Este documento contiene información importante. Por favor, consiga una traducción inmediatamente.</p>	<p>此文件含有重要信息。请立即找人翻译。</p>	<p>ឯកសារនេះមានຂໍ້ມູນສຳຄັນ ຈຶ່ງຄວນມາແປເປັນພາສາຕ່ຳຊື່ນ</p>
<p>تحتوي هذه الوثيقة على معلومات هامة. يُرجى ترجمتها فوراً.</p>	<p>본 문서에는 중요한 정보가 포함되어 있습니다. 본 문서를 즉시 번역하도록 하십시오.</p>	<p>សូមបកប្រែវាជាបន្ទាន់។</p>
<p>Dokiman sa gen enfòmasyon enpòtan. Tanpri fè yon moun tradwi l touswit.</p>	<p>Tài liệu này có chứa thông tin quan trọng. Vui lòng dịch tài liệu này ngay.</p>	<p>Ce document contient des informations importantes. Veuillez le faire traduire au plus tôt.</p>